# ХИЙЎА ХАНЛЫҒЫ ҲӘМ ӘМИЎДӘРЬЯ БӨЛИМИ БАСЛЫҒЫ ОРТАСЫНДАҒЫ ХАТ ЖАЗЫСПАЛАР ТАРИЙХЫЙ ДЕРЕК СЫПАТЫНДА

**Д.Қ. Жуманиязов**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети доценти, тарийх илимлери бойынша философия докторы (PhD)*

Өтмиш тарийхты илимпазлар үйренер екен, ўақыяларды толық ҳәм ҳақыйқый жарытыўда дереклерге сүйенеди. Дереклер болса инсанлардың жәмийетлик хызмети нәтийжесинде пайда болады. XIX әсир ҳәм XX әсир ўақыяларын үйренер екенбиз бул дәўирлердиң сиясий турмысын үйрениўде жазба ҳүжжетлердиң орны үлкен. Жазба тарийхый дереклер өз нәўбетинде еки түрге бөлинеди: Бириншиси жоқары ҳәм жергиликли ҳүкимдарлар мекемесинен шыққан рәсмий ҳүжжетлер(жарлықлар, пәрманлар, буйрықлар, ҳәм т.б.), қаржылық есабат дәптерлери, рәсмий жазыспалар ҳәм екиншиси тарийхый, гео-космографиялық ҳәм де биографиялық шығармалар.

Жәмийетлик-сиясий, экономикалық қатнасықлар мәселесин үйрениўде рәсмий ҳүжжетлер, қаржы дәптерлери ҳәм өз-ара жазыспалардың әҳмийети жүдә үлкен. Хийўа ханлығы Россия империясы тәрепинен басып алынғаннан кейин өз-ара қатнасықлар Гендемиан тынышлық шәртнамасына тийкарланған ҳалда алып барылған. Шәртнамадағы бәнтлердиң толық орынланыўы ҳалатлары қай тәризде әмелге асырылғанлығын ҳүкиметлер аралық хат жазысыўларды үйрениў арқалы анықлаўымыз мүмкин.

1903-жылы 24 майда Әмиўдәрья бөлими дийўанханасы 6260 - санлы хат пенен Хийўа ханына усыныс жоллайды. Хатда Уллы мәртебели Хийўа ханы Сизиң пухараларыңыз бизиң бөлимимиз халқы ортасында саўда қатнасықлары тығыз алып барылмақта. Бирақ бүгинги күни бөлимге жуқпалы оспа(шешек) кеселлиги кирип келмекте. Бул кеселлик нәтийжеси көпшилик жағдайда өлим менен жуўмақланбақта. Сол себепли Хийўада айлығы 15 руб болған оспа кеселлигин емлеўши лаўазымын енгизиўди сораймыз. Ол Хийўа ханлығының кала ҳәм аўылларында оспаның тарқалыўына қарсы гүрес алып барады деп Әмиўдәрья бөлими баслығы усыныс билдирген[1.70].

1903-жылы 26-сентябрьде 10479-санлы хатда Әмиўдәрья бөлими баслығы Хийўа ханына төмендегилерди билдиреди. Әмиўдәрья флотилиясы баслығының маған билдириўинше император Николай-2 пароходының 3-рейси ўақтында 3-класс жолаўшысы Матрина Головцованың 1 жастан өткен қызы қайтыс болған. Бул нәрестениң денеси Питнек жерине, жағадан 100 сажен узақлыктағы Айранша-баба атаўына жерленип, оған белги ретинде ағаштан атанақ қойылған. 5-август күни атанақты бояў ҳәм нәрестениң аты жазылған тахтайды қыстырыўға барса, атанақ жоқ екенлигин көрген. Нәтийжеде жаңадан атанақ исленген. Әмиўдәрья бөлими баслығы келешекте бул қәбир аяқ асты етилмеў ҳәм атанақты қорғаў мақсетинде хийўа тәрептен ўәкиллер қойылыўын сорап мүрәжат билдиреди. 1905 жылы 17 февральдағы 1071-санлы хат мазмунында Жаңа Үргениш почта-телеграф конторасы баслығы 8-февраль күни Үргеништен Петро-Александровскке ақша жибериў ушын Үргениш бегинен Әмиўдәрьядан өткериўге еки жигит бериўин талап еткен. Бирақ олар бул тапсырманы орынламаған. Екинши күни Петро-Александровсктен Үргенишке киятырған почтаны күтип алыў тапсырмасын да орынламаған. Сол себептен еки тәрептен болатуғын қатнасықларда почталарды өз ўақтында жеткериўде беклерге тийисли тәртипте тапсырма бериўди сорап Әмиўдәрья бөлими баслығы Хийўа ханына хат жоллаған.

1905 жылы 19 июльде Әмиўдәрья бөлими дийўанханасының пухаралық ислери бөлиминен Әмиўдәрья бөлими баслығы ўазыйпасын ўақытынша атқарыўшы полковник Масич тәрепинен 4918-санлы хат Хийўа ханлығына жибериледи. Хат мазмуны төмендегише: Уллы мәртебели Хийўа ханы, дослық сәлемимди жоллаў арқалы Сизге төмендегилерди мәлим етпекшимен. Дарган Ата почта-телеграф бөлими баслығының маған жазған 15 июльдеги 303-санлы хатында хийўалы әмелдар, үй ийеси Сеид Ислам Хожа өткен жылдағы ремонтты кешиктирип, имаратды бәҳәрде ремонтлап беремен деп ўәде берген. Бирақ усы күнге шекем жумыс басланбаған. Имараттың ишки дийўаллары унырап полға түспекте, сол себепли Сиз Уллы мәртебели, хызметиңиздеги Сеид Ислам Хожаға тез арада ремонт жумысларын баслаўды ҳәм бул исти гүзге шекем созбаўды тапсырсаңыз - деп билдириў хатын жазады. 1906-жылы 31-июльде 5012-санлы хат пенен Хийўа ханы атына Әмиўдәрья бөлими баслығы генерал майор Глушановский төмендеги мазмунда хат жоллайды. Хат мазмунында россия пухарасы Ашхабад уездинен миллети туркмен Баба Шаназаров Хийўаға чай сатыўға барғанда Хийўада дийўанбеги Хусейнбек Матмуратов тәрепинен чай алып киргенлиги ушын 36 руб закат салығын салғанлығы ҳәм 1 сутка қамап қойылғанлығы бойынша арза

түскенлигин билдиреди. Гендемиан шәртнамасының 9- бәндине муўапық рус саўдагерлериниң Хийўа ханлығында салықсыз саўда ислеўи белгиленген ҳәм оннан тартып алынған 4 пуд чайды қайтарыўды сондай-ақ Хийўа ханлығындағы лаўазымлы шахслардың нызамсыз ислерин қатаң қадағалаўды сораған[2.10].

Хат жазыспаларды анализлей отырып Хийўа ханлығы ҳәм Әмиўдәрья бөлиминиң ишки ислерине тийисли болған мәселелер Түркистан генерал губернаторының рухсатысыз шешилгенлигин көремиз ал Хийўа ханының өз аймағынан сыртқа шығыў мәселелери әлбетте Түркистан генерал губернаторы, сыртқы ислер министрлиги ҳәм Россия императорлығынан рухсат алынғаннан кейин ғана әмелге асырылған. Өз-ара хат жазысыўлар еки тәрептиң де бир-бирине ҳүрмет көрсетип, өзлериниң мәмлекетинде қабыл етилген тиллерде жазылғанлығын ҳәм бул жерде исенимли дилмаш хаткерлер хызмет көрсеткенлиги, ҳүжжетлердиң тийисли тәртипте тастыйықланып жүритилиўи дыққатқа ылайық. Солай етип бул өз-ара хат жазысыўларда Хийўа ханлығы ҳәм Әмиўдәрья бөлиминде жүз берген сиясий жәмийетлик ўақыялардың барысын, соның менен бирге ҳәр қандай түсинбеўшилик жүз бергенде бул жағдайды тыныш жол менен шешиўге болған хат жазысыўлары қатнасықлардың қандай болғанлығынан дерек береди.

**Пайдаланған дереклер:**

1. Өзбекистан Республикасы миллий архиви(Өз РМА) И.125, оп.1, д.149, 70-бет.
2. ӨзР МА. И.125, оп.1, д.248, 10-бет.